



Rapò Konsèy la
14 Jen 2024



MIZAJOU KONSÈY LA

Yon dokiman ki soti nan biwo Doktè Alexandra Estrella,
Direktris

14 Jen 2024

EKSELANS, EKITE AK ENKLIZYON

Kominikasyon

Lyen Rapid

- [Roton Middle School lanse Dippin' Dough Cookie Co.](#)
- [7 Elèv BMHS Onore pou Defi Enfòmatrik Gouvènè CT](#)
- [6yèm ane Concord nan konpedisyon nan Konvansyon Nasyonal Envansyon](#)
- [CAS te chwazi Direktè Nathan Hale la kòm Direktè Eksepsyonèl pou Premye Ane](#)
- [Brien McMahon & Norwalk High te onore nan 21yèm Prim Halo yo bay chak ane a](#)
- [NPS nan Journal](#)

Dat Enpòtan

Vendredi 14 Jen - Dènye Jou Lekòl (Lage 2 zèdtan Alavans)

Mèkredi 19 Jen - Juneteenth (Biwo Santral la Fèmen)

Jedi 4 Jiyè - Jou Endepandans (Biwo Santral la Fèmen)

July 15-19 - Retrèt Lidè NPS yo nan Center for Global Studies

July 22-23 - Retrèt Biwo Santral nan Center for Global Studies

Mèkredi 21 Out - Konvokasyon

Lendi 26 Out - Premye Jou Ane Lekòl 2024-25

Fyète nan Pak la



Nan Samdi, nou te kontan gen yon lòt bèl eksperyans nan kad Fyète nan Pak Sant Kominotè Triyang lan. Nou te akeyi tout moun nan tant nou an pou bay kado, braslè nou fè, penti ak FiveFingaz ansanm ak zanmi l yo, epi anpil blad!

Mèsi a tout moun ki te fè yon ti rete bò stann nou an pou montre yo Fyè epi a tout moun ki te ede nou rive patisipe nan yon lòt evènman kominotè ki te reyisi.

[Klike la pou wè jan sa te amizan!](#)

Mach Verifikasyon nan Cranbury



Nan dat 7 Jen, Johanna Zanvetor, Administratè Lojistik Transpò NPS la, te rejwenn Komisyon Bisiklèt/Mach Norwalk la, Depatman Transpò Norwalk la, Mobilite & Pakin ak Travo Piblik ansanm ak Wout Asire pou Lekòl nan Depatman Transpò nan Connecticut (Connecticut Department of Transportation, CTDOT) pou kondui yon mach verifikasyon nan Lekòl Elemantè Cranbury.

Yon mach verifikasyon se lè yon gwoup moun mache atravè yon katye pou wè si l asire epi fasil pou manb kominote nou an mache oswa monte bisiklèt pou al lekòl. Yo gade bagay tankou kote pou travèse lari, twotwa, ak kote ki bezwen amelyorasyon pou l pi asire. Objektif la se pou fè pakou lekòl la pi asire e pi agreyab pou tout moun.

Poukisa M ap Anseye - Entèvyou ak Odalis Garcia Cruz...

Why I Teach - Odalis interviews Diana DiMarino



“It is hard to pinpoint a specific moment where I have felt proud of being an educator as I am continually rewarded by the success stories of my students, the acts of kindness that occur at school, and the visits or emails from my alumni sharing wonderful stories of their lives after high school.”


DIANA DIMARINO | SPANISH TEACHER | NORWALK HIGH SCHOOL

Nou te resevwa anpil bèl kontribisyon pou kanpay Poukisa M ap Anseye a, e nou kontinye ap resevwa videyo ak entèvyou. Semèn ki sot pase a, nou te lanse yon lòt bèl seri ak dènye stajyè Kominikasyon NPS la Odalis Garcia Cruz ki gen yon bèl seri ki itilize staf lekòl li a, P-TECH Norwalk, ak Lekòl Segondè Norwalk.

[Klike la a pou w li dènye “Poukisa M ap Anseye - Odalis Garcia Cruz Entèvyou...”](#)

Klike la a pou w gade tout videyo entèvyou Poukisa M ap Anseye yo.

Chanpyon Atletik Prentan nan Lekòl Segondè



Felisitasyon a Chanpyon Atletik nan Lekòl Segondè nou yo pou Prentan 2024!

Ekip Volebòl Lekòl Segondè Roton nan bat Lekòl Segondè Nathan Hale nan match chanpyona a nan dat 28 Me. Ekip Foutbòl Lekòl Segondè West Rocks la bat Akademi Ponus Ridge STEAM nan match chanpyona a nan dat 4 Jen.

Sizoka Ou Pa Te La

Seremoni Gradyasyon NHS/P-TECH (VIDEYO)

Apresyasyon Pwofesè nan Marvin Elementary School (VIDEYO)



Rezime Premye Liv Foto - ak mizik orijinal pa John Vann elèv 8yèm ane nan Ponus Ridge (VIDEYO)



Plis ti Videyo NPS! (VIDEYO) Pa bliye gade plis ti videyo NPS nou yo.

- **NY Rangers ak NPS @ the SONO ICE HOUSE (VIDEYO)**
- **SoNo Lekòl 1st Fèt Piblikasyon Ensèk ki Diplome yo (VIDEYO)**
- **Cranbury Jadendanfan (VIDEYO)**
- **Kous Fox pou Selebri Diferans (VIDEYO)**

Pwochen Evènman yo

Selebrasyon kominotè Juneteenth

Samdi 15 Avril soti midi pou rive 4è p.m.

Norwalk Green, 8 Park St. nan Norwalk

Selebri Juneteenth ak atizana, mizik, kilti, manje, fanmi ap plis ankò nan 3yèm ane Selebrasyon kominotè Juneteenth nan Norwalk sou gazon an. Se yon evènman famiyal ki GRATIS!

NICE Festival

Samdi 6 Jiyè soti 11 zè nan maten pou rive 10 zè nan aswè

Oyster Shell Park, 95 N. Water St. in Norwalk

Selebri diferans kilti mond lan atravè mizik, manje ak prezantasyon atistik nan 8yèm Festival anyèl la ki jwenn sipò Echanj Kiltirèl Entènasyonal Norwalk la (NICE), Depatman Rekreyasyon ak Pak nan Norwalk, epi sponso ak vandè.

Gen de (2) stann k ap gen pèfòmans an dirèk sa gen ladann egzibisyon dansè Flameco, stil Azyatik ak Afriken, wòk, rege, ritm ak blouz ak mizik laten. Ap gen aktivite ppou timoun ant midi e 5è pm.

Sware Norwalk

Jedi 1 me, sòti nan 5 è rive 8 è nan aswè

Norwalk Police Department, 1 Monroe St. in Norwalk

Sware Norwalk se yon kanpay anyèl pou bati kominote a ki fè pwomosyon pou patenarya ak polis-kominote ak kamaradri sou katye a. Rejwenn NPD Pou amizman famiyal, aktivite, jwèt, ak kado nan plaza a devan syèj santral polis la.

Tès ak Responsablite

2023-24 Norwalk DIBELS
BOY to EOY Composite Scores - Percent by Level

Grade	Percent of students in each DIBELS instructional category					
	Students at/above benchmark level		Students below benchmark level		Students well below benchmark level	
	BOY	EOY	BOY	EOY	BOY	EOY
Kindergarten	47.0%	67.1%	18.8%	9.6%	34.3%	23.2%
1 st Grade	52.5%	65.9%	16.5%	12.1%	30.9%	22.0%
2 nd Grade	56.3%	63.5%	13.3%	14.7%	30.3%	21.8%
3 rd Grade	58.3%	61.7%	17.9%	16.1%	23.8%	22.2%
Across Grades	53.4%	64.6%	16.6%	13.1%	30.0%	22.3%

+11.2

-3.5

-7.7



Gen yon rapò done pou fen ane a ki te prezante bay Konsèy Edikasyon an [nan dat 7 Jen](#). Yon konparezon rezilta alfabetizasyon DIBELS8 pou sezon otòn (kòmansman ane) ak prentan (fen ane) te montre yon pwogrès 11.2-pousan anplis elèv ki nan/pi wo pase nòt referans lan. Ane a te kòmanse ak 53.4% elèv K-3 ki te fè nòt referans lan epi li te fini ak 64.6% nan/pi wo ke nòt referans lan. Pou NWEA, reyalyasyon ak rezilta kwasans soti prentan 2023 jiska prentan 2024 yo te mezire ak klasman pèsantil NWEA epi konpare ak kwasans soti prentan 2022 jiska prentan 2024. Pi gwo pwogrès nan lekti te soti nan klas 1ye ane rive nan klas 2yèm ane. Nan matematik te gen gwo pwogrès soti nan klas 2yèm ane ale nan 3yèm ane ak klas 3yèm ane ale nan 4yèm ane.

Sèvi ak rezilta preliminè eta a pou 2024, y ap revize nivo konpetans yo selon kontni ak klas. Menm jan ak NWEA, nou pral gade tou rezilta pa pwomosyon pou elèv ki te fè tès ni an 2023 ni an 2024. Yo pral kalkile rezilta konpetans pou chak gran gwoup yo epi konpare ak ane anvan yo.

Evalyasyon Kalite Lekòl la (SQR)

Tout lekòl k ap resevwa yon SQR an 2023-24 gentan jwenn, e tout direktè yo resevwa rapò yo. De (2) lekòl ap ranpli Fòm Verifikasyon Rapò SQR la. Si gen nenpòt erè ki fèt, Administratè Edikasyon an pou Revizyon Kalite Lekòl la ap korije nenpòt erè epi revoye l dirèkteman bay direktè yo. Direktè a pataje Rapò SQR la ak kominote lekòl la. Y ap fè analiz done Sondaj Anonim SQR sou Paran/Responsab legal ak Pwofesè yo pou 2023-2024.




Sa enteresan pou n note, New York Rangers yo kontinye patenarya yo ak NPS. Ivè ak prentan sa a, yo te bay pwomnad edikasyon fizik (PE) GRATIS nan SoNo Ice House pou elèv yo aprann jwe okey. NY Rangers yo te bay bis, teren glas ak ekipman yo gratis pou NPS. Elèv ak anplwaye yo te pase yon bèl moman epi yo te resevwa mayo NY Rangers. Dis lekòl, klas K-12 jwenn chans patisipe epi asire

kominikasyon san kanpe nan men pwofesè PE yo ak direktè yo. Kolaborasyon ant Administratè Lojistik Transpò a ak Durham Bus Company te fè vwayaj sa yo yon reysit.

Rechèch ak Analiz

District CA Rate by Month and School Year



Pandan ane lekòl 2023-24 la ap fini, ekip la te konsantre sou ane lekòl 2024-25 lan. Pwosesis Planifikasyon Amelyorasyon Lekòl la demare ak yon Evalyasyon Bezwen kote chak lekòl analize done ki soti nan ane eskolè yo ladann nan pou idantifye tandans yo epi idantifye koz tandans sa yo. Pandan de (2) semèn ki sot pase yo, pwosesis sa a te rive fèt nan plizyè lekòl. Tout lekòl yo pral angaje yo nan pwosesis la anvan pwochen ane lekòl la demare. Anplis de sa, reyinyon yo ap fèt ak lidèchip lekòl la pou evalye itilizasyon tablo afichaj done ekip la te konstwi yo. Enfòmasyon ki rasanble yo pral itilize pou rafine aparans tablo afichaj la ak fonksyonalite yo pandan ete a.

PWOGRAM, ENSTRIKSYON AK APRANTISAJ ESPEYAL

Syans Imanitè

Nou kontinye prepare pou travay ete a konsènan devlopman kourikoulòm. Pwofesè lekòl segondè yo pral ekri yon nouvo inite fiksyon sou istwa ki ann amoni ak nouvo kad SS la. Pwofesè klas K-5 yo pral konsantre sou ajisteman evalyasyon fòmasyon yo. Pwofesè syans sosyal klas K-8 yo pral travay sou kreye demand pou sipòte nouvo inite SS yo. Nou kontan anpil pou ofri 7 opòtinite aprantisaj pwofesyonèl tou pandan ete sa a. Pwofesè yo te enskri epi n ap kontinye prepare pou opòtinite aprantisaj sa yo.

Matematik/Syans, Teknoloji, Jeni, ak Matematik (Science, Technology, Engineering, and Mathematics, STEM)

Depatman STEM nan te prepare pou tranzisyon ann ete! Nou te revize plizyè mòso done fen ane a pou reflekte epi rafine kourikoulòm nan pandan ete a. Ekip antrenè yo te kòmanse adapte evalyasyon fen inite yo nan klas 2yèm-8yèm ane pou yo adapte yo ak kòmantè pwofesè yo fè ane sa a. Kèk pwofesè ap travay pou sipòte ajisteman nan Aljèb 2. Ekip yo ap kontinye reyini jiska Jen pandan revizyon yo fini.

Pwofesè syans lekòl segondè yo nan NHMS, WRMS, ak Ponus te resevwa yon jounen fòmasyon sou syans semèn pase a pou sipòte aplikasyon Open Sci Ed la pou ane pwochen, kourikoulòm modèl eta a.

Anplis de sa, Naramake te konplete yon sik ki konsantre sou angajman elèv yo nan matematik epi santre sou enpleman pratik Bati Panse nan Salklas la.

N ap travay tou pou sipòte demaraj Summer Academy (Klas K-5) ak kèk Leson patikilye byen doze (Lekòl segondè) pou sezon ete a.

Apranti Plizyè Lang

Depatman Elèv K ap Aprann Plizyè Lang nan kontan anpil pou pwogram ete akselere pou elèv k ap aprann plizyè lang pou ane 2024 la. Ane sa a pwogram ete a pral fèt nan Brien McMahon High School epi li ofri elèv k ap aprann plizyè lang nou yo opòtinite pou pran jiska 2 kou pou kredi orijinal yo. Nou gen 298 elèv MLL ki enskri.

Revizyon PLC Doub Lang: Kominote Aprantisaj Pwofesyonèl Doub Lang lan ap revize nan moman an Inite 2 nan kourikoulòm lan pou amelyore estrateji ansèyman, delivre kontni, ak angajman elèv yo. Pwosis revizyon an gen pou objektif fè aliyman inite 2 a ak pi bon pratik ak bezwen espesifik elèv MLL nan pwogram Doub Lang lan.

Devlopman Pwofesyonèl

Travay la ap kontinye sou sibvansyon Defi Karyè Z la pandan mwen nan etap final ekri, korije, epi revize anvan dat soumasyon an ki pou mwa Jen. Norwalk nan Eta CT ak Devlopman Mendèv NPS kontinye fè patenarya pou pote Kou Sètifikasyon Mendèv pou moun ki fenk antre nan inivèsite ak sa ki pral fini yo pou Otòn nan. Ekip la ap idantifye kou pou sezon otòn nan epi yo pral kòmanse mete aplikasyon elèv yo ajou nan mwa Jen an. Norwalk ak NPS nan Eta Connecticut te travay ansanm nan Pwogram Sezon Ete “College for Kids” (Inivèsite pou Timoun) yo a. Sa a se yon bon kote pou elèv nan Klas 2yèm ane jiska 12yèm ane yo pran kèk kou dete fasil epi ki amizan atravè plizyè domèn pwofesyonèl! Komite Sibvansyon Ekspansyon Doub Kredi a te kreye yon aplikasyon pou pwofesè, e pwofesè yo te kòmanse aplike epi jwenn kalifikasyon pou anseye nan nivo kolèj ki finance pa sibvansyon an. Travay rafinman an kontinye Pòtrè yon Gradye ak komite a. Konsèy Konsiltatif pou Devlopman Mendèv la te rankontre nan mwa Jen an pou revize travay nou nan NPS apati Desanm 2023. Yo te kreye yon komite Konseye Lekòl pou mwa jen an kote konseye lekòl yo pral ekri kourikoulòm pou Devlopman Pwofesyonèl. ***Pou tout Opòtinite Devlopman Mendèv NPS yo ak plis ankò, vizite www.norwalkps.org/careertraining. Tanpri asire ou make sit entènèt la epi tcheke regilyèman pou nouvo opòtinite enteresan!***

Konsèy/Sèvis Sipò

Roton Middle School te òganize Fwa Karyè ak Byennèt li a, kote yo te reprezante plizyè karyè, tankou yon kosmetolojis, yon doktè, ak yon konpayi grafik ak teknoloji enfòmasyon. Se te yon bon fason depatman konsèy lekòl la te pote Devlopman Mendèv nan lekòl yo! Komite prezans distri a ap travay pou eksplòre pwotokòl ak règleman sou prezans yo. Epitou nou te kreye yon Ekip Sante Mantal ak Byennèt Konplè pou Tout Distri a pou klas matènèl jiska 8yèm ane kote y ap travay aktyèlman la a ak Cooperative Educational Services pou reyinyon komite fondatè yo. Nou te òganize twa reyinyon komite jiska prezan e nou espere pwograme pwochen reyinyon an. Travay la ap kontinye nan Evalyasyon SHAPE la nan tèt kole ak Enstiti Sante ak Devlopman Timoun. Yo te kreye yon Komite Konseye Lekòl pou mwa jen an kote konseye lekòl yo pral ekri kourikoulòm pou Aprantisaj Sosyal–Emosyonèl.



Enstriksyon Espesyalize

Pandan n ap fini ane lekòl 2023-24 la, Depatman an selebre anpil domèn kote gen pwogrè ak kwasans. Vandredi ak samdi pase a, yo te pataje reyalyasyon ki fè pati objektif anyèl yo ak Konsèy Edikasyon an. Pwen esansyèl yo gen ladann fini ane a epi respekte konfòmite prèske pafè ak tout klas K-12+ IEP nan CT SEDS. N ap tann fason CT SEDS pral pèmèt nou aliye bi ak objektif nou ak estanda eta a ki pral an dirèk nan dat 1ye jiyè 2024. Depatman an te devlope nouvo pwogram pou ane eskolè 24-25 lan ki gen ladann agrandisman pwogram LEAP ak Alfabetizasyon ak yon nouvo pwogram tranzisyon klas 5yèm rive 6yèm ane ki pral nan Nathan Hale Middle School. Nou espere travay pandan ete a epi prepare dokiman pou piblikasyon pou kòmansman ane lekòl la, ki gen ladann yon Manyèl Pwosedi Distri pou paran ak yonn pou anplwaye yo, plan aprantisaj pwofesyonèl anplwaye yo, ak yon liv deskripsyon pwogram ki ajou.

De (2) semèn ki sot pase yo se te planifikasyon pou pwofesè, founisè sèvis yo, ak travay paraedikatè pou ane lekòl 2024-25 lan. Nou te konplete lis ESY ak planifikasyon transpò a. Y ap voye konfimasyon bay paran yo nan jou k ap vini yo.

Anplis seremoni gradyasyon ak pwomosyon nan chak lekòl, pwogram tranzisyon nou yo te selebre elèv nou yo ki te kite sèvis lekòl piblik yo paske yo gradye epi kontinye nan lòt pwojè yo. Project Search te fini ane a ak yon seremoni pwomosyon nan dat 11 Jen 2024, e Norwalk Next Steps te òganize selebrasyon pa yo nan dat 14 Jen.



DEVLOPMAN LIDÈCHIP

MSAP Sibvansyon

Jan yo te anonse nan sezon otòn nan, Lekòl Piblik Norwalk yo te resevwa yon sibvansyon senk lane ki te administre atravè Pwogram Asistans Lekòl Magnet (MSAP) onivo federal. Finansman pwogram nan gen entansyon elimine obstak yo epi kreye yon anviwònman edikasyon ki pi enklizif nan ranfòse kourikoulòm ak estrateji ansèyman. Finansman an bay tou opòtinite pou ogmante apèl ak aksè nan pwogram magnèt pou pi plis elèv ka antre. Lekòl ki enplike nan sibvansyon an se Kendall College & Career Academy, k ap sèvi elèv nan klas K-5, Ponus Ridge STEAM Academy, k ap sèvi elèv nan klas 6yèm rive nan 8yèm ane, ak P-TECH Norwalk, k ap sèvi elèv nan klas 9yèm rive nan 12yèm ane.

Nan dat 4 rive 6 Jen, ekip aplikasyon lekòl yo te patisipe nan yon seri aprantisaj pwofesyonèl ki dire twa jou ak patnè sibvansyon an, eMints. Deskripsyon sesyon yo dekri pi ba a.

- **Sesyon #1** - Patisipan yo devlope yon konpreyansyon sou Modèl Enstriksyon eMINTS a epi aprann sou Sant Nasyonal eMINTS lan ak pwogram prensipal yo ak pèsonèl yo. Teyori aprantisaj konstrikatif yo defini epi aplike nan aprantisaj eksperimantal. Yo prezante Fòmated Afilye yo nan Modèl Fasilitatè eMINTS lan ak konpozan ak pratik ki tonbe nan kategori 4 kadran yo.
- **Sesyon #2** - Sesyon sa a pale sou enpòtans pou devlope yon kominote aprantisaj ki an sekirite epi nou fè konfyans. Yo prezante patisipan yo karakteristik adilt k ap aprann yo anrapò ak Modèl Fasilitatè eMINTS lan. Pwomosyon an pwolonje patisipasyon yo nan yon aktivite eksperimantal sou fason yo ka kreye yon eksperyans aprantisaj ki pi solid pou patisipan yo ak elèv yo.
- **Sesyon #3** - Yo entwodui patisipan a materyèl eMINTS yo lè yo konpare ajennda fasilitatè ak patisipan yo. Yo transfere konesans yo lè yo analize yon ajennda epi kreye yon plan fasilitasyon pou aktivite yo dwe prezante yo pandan sesyon pwofesè yo ak lekòl y ap travay yo. Patisipan AT yo angaje yo nan yon aktivite pou bati konfyans epi konsidere kijan yo ta ka kòmanse devlope konfyans ak patisipan yo.

Pwofesè NPS pou Ane a

Ekip Devlopman Lidèchip la ap fè entèvyou epi obsève finalis yo pou tit Pwofesè Norwalk pou Ane a. Anons pral fèt talè konsa!

BIZNIS AK OPERASYON

Sèvis Manje



Pwogram ete a ap kòmanse 1ye jiyè e kisa kijan ete a t ap ye san fwi ak legim fre lokal yo? Kidonk, [Plonje nan Ete a](#) ak manje kiltivatè lokal CT yo. Sit ak dat yo dwe detèmine.

Sit ete nou yo ki ouvri pou fanmi yo nan lis nou an ki prezante bay [Piblik la](#) pou 2024. Fanmi yo ka kontakte 211 tou pou jwenn enfòmasyon eta a.

Pwomosyon blitz la pral fèt nan dènye semèn nan mwa Jen an, e nou espere yon bon rezilta pou ankouraje manje ete. Vin jwenn nou nan South Norwalk School kote nou pral kòmanse pwomosyon yo. Plis enfòmasyon ap vini.

Finalman, Transfè Elektwonik Benefis Ete (S-EBT) Lanse nan Fen Jen pou yon ete yon sèl fwa \$120.00 pa fanmi ki enskri nan pwogram nan.

Pwogram Transfè Elektwonik Benefis Ete a (S-EBT) pral lanse nan fen mwa Jen e premye seri benefis yo ap rive jwenn plis pase 270,000 timoun nan Connecticut. Done sou nivo elèv ke ajans edikasyon lokal yo soumèt bay Sistèm Enfòmasyon pou Piblik la pou Elèv CSDE yo se sa CSDE ak DSS pral itilize pou bay elèv ki kalifye yo benefis otomatik.

Etablisman

Retire tè ki kontamine nan Naramake ap kòmanse lendi 17 Jen epi yo prevwa pou l fini Mèkredi 26 Jen. Eversource pral fèmen sèvis gaz la pou yon ti tan Vandredi 14 Jen epi relouvri Jedi 26 Jen.

Y ap eksplòre kounye a kijan yo ka retire inite salklas tanporè yo nan West Rocks.

Enstalasyon pòt ki divize yo pou etap yo nan Marvin, Tracey, ak Naramake ap planifye pou kounye a. Òf yo dwe retounen Madi 18 Jen pou:

- o Ranplasman atè a nan Kafeterya a nan ROWAYTON
- o Konvèsyon nan salklas Montessori (yon sèl salklas) nan Brookside

Yo planifye kounye a posiblite pou enstale yon anèks Sant Sante Kominotè a nan Kendall.

Sekirite Lekòl la

Ekip Sekirite Lekòl la te fè dènye Reyinyon Komite Sekirite Distri a pou ane eskolè 2023-24 la. Aprè revizyon, distri a fini ak 100% konfòmite ak plan sekirite distri a ak lekòl la ak 100% konfòmite pou egzèsis ijans pou twazyèm ane konsekitif. Ou ka jwenn prezantasyon reyinyin an pi ba a.

[Reyinyon Komite Pwoteksyon an 6.12 Fen ane a.pptx.](#)

Nou tou redwi ensidan konpòtman elèv yo nan prèske 11% konpare ak ane lekòl pase a.

Transpò

Jill Kress, Prezidan Byennèt NPS ak Johanna Zanvettor ki nan depatman Transpò te kolabore ak Komisyon Bisiklèt/Mache nan Vil la pou òganize 2yèm Festival Anyèl Lari Louvri nan Calf Pasture Beach samdi 4 Jen. Plis pase 500 fanmi te patisipe nan evènman an ki te kòmanse avèk yon Wodeyo bisiklèt (kiwanis Club sponnsorize) nan Lekòl Elemantè Marvin nan. Fanmi yo te resevwa kas gratis, ekipman pou kas la ak antretyen bisiklèt. Lè sa a, fanmi yo te kapab mache/monte bisiklèt/tounen oswa woule desann Calf Pasture Beach Rd atravè liy ki louvri a. Jill ak Johanna te sou plas nan plaj la ak yon bann kas pou fè kado gratis (kontribisyon pa Outdoor Sports, gras a patenarya ak Jill la). Fanmi yo te kapab mete kas yo nan pwochen tant lan ak manm CT DOT Wout Asire pou Lekòl yo (SRTS). SRTS te bay edikasyon gratis ak enfòmasyon sou fason pou monte bisiklèt/mache an sekirite tou. Komite Byennèt ak Biwo Transpò a pral travay avèk SRTS pou bay lekòl/kourikoulòm gratis pou otòn sa a. Depatman Sante Vil Norwalk ak òganizasyon CT See Me te patisipe tou, bay sèvis gratis.

Biwo Transpò a te patisipe nan yon Verifikasyon sou wout ki an sekirite pou ale lekòl nan Cranbury Elementary School Vandredi 7 Jen. Ekip Eta CT DOT Wout Lekòl ki an Sekirite (SRTS), ekip Transpò Vil Norwalk la, Mobilite & Pakin (TMP), manb Komisyon Bisiklèt/Mache nan Norwalk ak administratè Cranbury a ak elèv yo te mache nan perimèt lokal lekòl la pou obsève pwosedi arive yo. Gwoup la te vwayaje nan nò lekòl la sou Grumman Av ak jis nan sid pi lwen pase pasaj siperyè Merritt Parkway a, pou obsève kondisyon twotwa yo, si yo ka mache vwayaje al nan lekòl la. Daprè rezilta ak opinyon yo jwenn ekip SRTS la pral bay yon rapò konplè pou TMP a mande finansman eta a pou amelyorasyon.

[SRTS Mach Verifikasyon nan Cranbury ##](#)

[SRTS Mach Verifikasyon nan Cranbury # 2# 2](#)

[SRTS Mach Verifikasyon nan Cranbury # 1# 2](#)

Biwo Transpò a te kolabore ak Administrasyon NHS la pou bay plis pase 20 bis pou sèvis gradyasyon Norwalk High nan dat 12 Jen nan Total Mortgage Arena. Yo te transpòte plis pase 460 granmoun aje, 30 manb staf, 150 gwoup, koral, òkès, ak yon douzèn manb Sosyete Onè ak fanmi yo. Se te yon jounen reyisit pou tout moun! Mès a chofè yo ki te rann li posib!

Sèvis Lekòl Durham te akeyi 2 lòt chofè nan ekip la semèn sa a, Jennifer ak Mario!

Fòmasyon ak tès yo pral kontinye pandan ete a pou ogmante ekip chofè a, pou asire nou gen tout anplwaye pou sezon otòn la.

Sèvis Sante

Nan dat 3 jen, Nancy nan Norwalk te prezante yon atik, ki teibliye [isit la](#), ki montre kolaborasyon ant sèvis sante lekòl yo ak patnè sant sante lekòl nou yo, Konsèy Resous Imèn ak Sant Sante Kominotè Norwalk la. Atik la gen ladann fason pou enskri elèv ou a nan WRMS, NHS, NHMS, Ponus, CMS, ak BMHS ou yo.

Alyans Sante sou Baz Lekòl dènyèman te bay \$231,619 nan Sant Sante Kominotè Norwalk la pou tabli yon sant sante nan lekòl Kendall College ak Career Academy. Planifikasyon yo ap fèt kounye a. Ou ka jwenn atik Hour la [la a](#).

Sant Sante sou Baz Lekòl Sant Sante Kominotè Norwalk la nan BMHS te ogmante lè ete li yo pou akomode bezwen elèv NPS yo k ap fenk rantre yo pou fè egzamen fizik. Disponibilite se sou randevou.

APRANTISAJ NIMERIK AK TEKNOLOJI

Lojisyèl Antrepriz/Done

Lojisyèl analiz operasyon ak depatman yo te distribye bay lidè depatman Biwo Santral la pou revizyon ak adopsyon nan ane fiskal 2024-25 lan. Nou te asire n ke enstriktè ki travay lakay yo te resevwa konfigirasyon lojisyèl ki nesèsè yo ak sipò pou kontinye asistans etidyan lakay yo pandan tout mwa ete yo.

N ap kontinye amelyore pratik Gouvènans Done nou yo. Faz kap vini an pral enfòme tout itilizatè final yo sou enpòtans ki genyen nan gouvènans done ak enplikasyon l nan travay yo fè chak jou. Nou rekonèt enpòtans klète ak aksesibilite nan kominike enfòmasyon sa yo epi nou pran angajman pou sèvi ak langaj senp pou asire nou konprann.

Pou evalye konpreyansyon ak rasanble kòmantè, yo pral enkli yon sondaj rapid konsènan gouvènans done yo. Repons yo pral jwe yon wòl nan fòme ajennda a pou pwochen reyinyon komite nou an, asire ke efò gouvènans done nou yo aliyen ak bezwen ak atant tout moun ki gen enterè yo.

Enfrastrikti/Operasyon

Pwojè ajoute Antiviris la te kòmanse, ak yon dat rediksyon ki te planifye pou 13 Jiyè ak yon dat pouse pou 20 Jiyè. Antiviris yo enstale, e konfigirasyon an fèt. Pwojè VDI a ap pwogrese byen, e biwo vityèl yo ap teste pou kounye a.

Medya Bibliyotèk

Thomas Kodell, Espesyalis Medya Bibliyotèk la nan Nathan Hale Middle School/Profesè Medya Atistik, te kolabore ak elèv li yo pou kreye pòdkas sou pwoblèm rezo sosyal yo te chwazi yo, logo sit entènèt, anons videyo, ak videyo objè epik. Nan Immersive Media, elèv yo te antre nan pwomnad vityèl epi yo te fè eksplorasyon pwojè VR (reyalite vityèl).

Espesyalis medya bibliyotèk Brookside Elementary School, Audra Good, te travay ak elèv yo nan Makerspace kote yo te kreye pwojè pou Jounen Latè a. Pwojè ki fini yo te prezante nan Selebrasyon Jounen Latè Distri a.

Gade ki lòt bèl bagay espesyalis medya bibliyotèk yo ap fè! Klike anba a:

Google Slide--LMS [April and May Grows and Glows Slidedeck](#)

FINANS

Bidjè

Ekip bidjè a ap kontinye rafine detay pwojekasyon 2024-25 lan nan Munis. Finans ap kolabore ak Resous Imèn, Edikasyon Espesyal, ak lekòl yo pou afine detay yo, tankou mete ajou nenpòt transfè, nouvo rekritman ak enpak sou anplwaye akòz boulvèsman. Y ap revize tout pòs ki vid nan moman an epi afiche pou distri a kapab revize pòs vid ki disponib nan tout lekòl yo pou asire bon asiyasyon ak kontablite pou nouvo ane lekòl la. Yo finalize dosye bidjè ak dokiman sipò yo pou yo aliyen ak bidjè ki apwouve a. Anplis de sa, detay liv bidjè yo ap mete ajou nan moman an pou reflekte bidjè 2024-25 lan ak mizajou òganizasyon lekòl yo.

Kontwòl pozisyon Munis ak tablo salè anplwaye yo te mete ajou pou yo pare pou nouvo pewòl la apati 1ye Jiyè.

Faktirasyon lòt distri pou elèv k ap etidye nan Norwalk ki nan yon lòt distri Nexxus te konplete.

Yon revizyon sou fason pou jwenn FMLA finansye ki te kreye pa benefis ak Resous Imèn te fèt e li pral bay plis enfòmasyon ki alè epi egzak lè yo apwouve afichaj travay ak kontablite pou ranplasan nan lekòl la.

Finans ap prepare tou pou fèmen fen ane 2023-24 la nan ede lekòl yo ak biwo santral yo peye bòdwo yo, ajiste òdonans pou achte yo, revize balans asirans sante yo ak sitiasyon jeneral bidjè a pou yon fèmen liv yo alè epi egzak.

Acha/Kont Kredi

Acha ak Kont Peyab kontinye travay ak lekòl yo ak depatman biwo santral yo pou jwenn tout bagay trete, peye ak fèmen pandan n ap fini ane fiskal la. De (2) semèn de sa, te gen 1,300 òdonans acha ak \$8.5 milyon ki louvri epi nou te redui l a 970 òdonans acha ak \$6.4 milyon ki rete louvri ak plis pase 300 chèk ki poste pou pèman vandè semèn sa a.